Bilten Nouvèl pou **Moun Asire**

Sekirite An Premye: Konsèy pou Preparasyon ak Rekiperasyon apre Siklòn

Anpil moun ap tann chanjman sezon yo avèk enpasyans ak eksitasyon. Sepandan, rezidan Florid yo gen yon sezon anplis pou yo tann - sezon siklòn yo.

Sòti 1ye Jen rive 30 Novanm se yon sezon sis mwa pou planifikasyon, preparasyon, ak prediksyon. Malgre mwa sa yo make pa ensètitid metewolojik, de premye P yo—planifikasyon ak preparasyon—ka ede anpil pou soulaje pwoblèm potansyèl ki ka rive.

Pandan w ap asire ekipman ijans ou yo, ou menm, ak kay ou pare, li esansyèl pou w fè sa an sekirite.

Antretyen ak Sekirite Jeneratris

Jeneratris yo ka bay kouran an rezèv esansyèl pandan pàn kouran epi yo disponib nan plizyè konfigirasyon. Chwazi yon jeneratris, gen ladan evalye pri, anperaj, pwa, tip gaz, pòtabilite ak pèmanans. Anjeneral, ou pral vle chwazi modèl ki ofri plis konvenyans, yon pri rezonab, ak pouvwa ki apwopriye pou kay ou a.

Jeneratris pòtab ki mache ak gaz yo se pami opsyon ki pi popilè e ki fasil pou jwenn. Si se bon chwa pou bezwen ou yo, gade enstriksyon manifakti a epi aprann kijan pou prepare li anvan yon tanpèt, sèvi ak li san danje pandan yon pàn kouran, epi antreteni li apre. Lakwa Wouj Ameriken an gen rekòmandasyon tou sou fason pou itilize jeneratris pou evite danje ki souvan asosye avèk jeneratris yo.

Lòt prekosyon pou sekirite yo gen ladan:

- **Gan:** Mete gan pwoteksyon pandan w ap manyen jeneratris la ka ede kenbe men w sèk epi bay yon pwoteksyon kont boule apre jeneratris la fin mache epi li vin cho. Pa janm manyen jeneratris la avèk men mouye.
- **Zòn deyò ki sèk:** Mete jeneratris la deyò sou yon sifas ki sèk, omwen 20 pye lwen kay la, avèk 3 a 5 pye distans sou tout kote, epi asire mòflè a dirije l lwen kay la. Li ka fonksyone tou anba yon abri ki ouvè, tankou yon prela ki sou poto. Pa janm itilize yon jeneratris anndan kay ni nan yon espas fèmen, tankou yon garaj, yon depo, oswa yon espas anba kay la.
- **Gaz:** Anpil jeneratris pòtab fonksyone avèk gazolin. Konnen ki kote ak kijan pou estoke gazolin an sekirite, epi itilize sèlman resipyan ki apwopriye. Pa estoke gaz tou pre yon jeneratris k ap mache epi pa janm mete gaz nan yon jeneratris pandan l ap mache.

Ekipe W avèk Bon Materyèl yo

Kit se pou manipile yon jeneratris pòtab, mete volè fenèt yo, klase ekipman ijans, oswa netwaye apre yon tanpèt, bon rad pwoteksyon ka ede evite grafouyen, koupe, pike ensèk, ak lòt blesi, epi li bay pwoteksyon kont lapli ak solèy.

Ekipman pwoteksyon ki esansyèl:

- Bòt oswa soulye solid ki fèmen, petèt menm ki enpèmeyab
- Chemiz manch long ki fèt pou bloke reyon iltravyolèt (UV) danjere yo
- Pantalon long. Sijesyon sa a ka pa twò popilè akòz chalè a, men li esansyèl pou pwoteje janm yo kont ti blese ak grafouyen lè w ap travay.
- Gan travay solid ki reziste kont koupe. Gan ki enpèmeyab anba gan epè kapab benefik tou.
- Chapo solèy avèk gwo rebò ak pwoteksyon UV pou pwoteje tèt, kou ak zepòl
- Rad ki vizib anpil oswa rad ki reflete limyè
- Linèt sekirite/gwo linèt pwoteksyon pou pwoteje je yo kont debri k ap vole
- Mask oswa respiratè N95 pou mwazi/pousyè/lè ki kontamine
- Ekipman pou lapli

Genyen bon pwoteksyon ak konesans debaz sou sekirite, sa ka jwe yon wòl enpòtan nan preparasyon ak netwayaj apre yon siklòn. Li fasil pou w kite tèt ou ale nan aktivite ak ijans ki genyen apre yon tanpèt. Sekirite ta dwe toujou yon priyorite prensipal. Asire pou evite fè twòp efò oswa dezidratasyon lè w ap travay.

Preparasyon Pratik pou Sezon Sa a ak Apre

Disponibilite dlo pwòp se yon konsiderasyon esansyèl pandan yon siklòn. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) rekòmande pou ou gen omwen yon galon dlo pa jou pou chak moun ak chak bèt kay pandan twa jou minimòm. Konnen fason pou estoke dlo tiyo an sekirite anvan yon tanpèt ka sove lavi.

Dlo se pa sèl bagay pou estoke; manje se yon nesesite tou. Atik manje enpòtan pou genyen sou lamen se manje ki pa gate fasil epi ki ka itilize pandan yon siklòn, tankou manje nan konsèv, nwa, grenn, fwi sèk, elatriye. Panse ak manje ki gen anpil enèji, ki pa gen anpil sèl. Asire ou tcheke dat ekspirasyon yo pou yo pa ekspire pandan tan ki nesesè anvan estokaj la.

Pou manje ki ka gate fasil, ki nan frijidè, ki konjele yo, Sèvis Sekirite ak Enspeksyon Manje USDA bay konsèy itil sou fason pou byen jere yo pandan yon pàn kouran oswa yon ijans metewolojik.

Pandan pàn kouran yo, ou ka gen bezwen pou itilize metòd altènatif pou kwit manje an sekirite (tankou griy, recho kanping, elatriye). Kreye yon zòn sekirite 3 pye ozalantou espas pou kwit manje a pou evite moun blese oswa nenpòt bagay andomaje. Kite timoun ak bèt domestik yo lwen zòn nan pandan w ap kwit manje. Kwit manje nan zòn ouvè deyò, epi rete omwen 10 a 20 pye lwen estrikti, pyebwa, arebò kay, balistrad, ak fenèt.

Sekirite toujou rete yon priyorite lè w ap estoke twous ou yo. Kreye yon espas espesyal pou ekipman yo pou yo ka "pare" lè yo nesesè. Mete yon ouvè-bwat nan zòn sa a tou pou ou ka louvri manje a fasilman kan lè a rive. Sèvi ak resipyan dlo ki apwopriye pou manje epi mete bagay ki pa gate fasil yo pi wo sou yon etajè oswa nan yon resipyan estokaj ki pa atè a pou si ta gen inondasyon, bagay yo pa mouye oswa kontamine.

Panse ak sekirite an premye epi prepare w!

Gade atik anvan yo nan Jounal pou plis konsèy:

- Lis 10 Meyè Preparasyon pou Sezon Siklòn nan.
- Domaj Akòz Tanpèt? Yon Gid Rekiperasyon Etap pa Etap.
- Kisa ki genyen pou Dine? Edisyon Pàn Kouran.
- Twous Pwovizyon Esansyèl pou Chak Manm Fanmi.
- Sezon Ki Pi Fò A Rive Sou Nou. Tcheke Preparasyon Ou!

Bezwen Rapòte yon Reklamasyon?

Kontakte Citizens an Premye

Nou la pou ou 24/7/365

Rapòte epi gade reklamasyon yo avèk myPolicy **anliy** nan *www.citizensfla.com/mypolicy*.

Rele liy dirèk reklamasyon gratis nou an pou **pale** avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl nan 866.411.2742.

Konnen Sa Ki Kouvri

Aprann plis sou **kouvèti ou yo**. Pran yon randevou pou yon revizyon politik avèk ajan ou **jodi a**!

3 Bagay Pou Konnen Sou Dediktib Siklòn Ou an

Sezon siklòn nan rive. Fè preparasyon kounye a ede evite sipriz apre yon katastwòf.

Youn nan bagay yo souvan neglije pandan rekiperasyon apre yon siklòn se dediktib siklòn lan pou pèt ki kouvri yo—sa vle di kantite lajan ou dwe peye pou repare pwopriyete w la anvan kouvèti asirans ou a antre an vigè. Dediktib pou siklòn diferan de dediktib ou peye pou lòt kalite danje, tankou dife nan kay oswa domaj ki kouvri ki rive akòz yon tiyo dlo ki pete.

Konprann diferans sa yo sa ka ede w evite move sipriz epi ekonomize lajan:

1. Yon Dediktib Siklòn Pi Wo

Paske siklòn yo ka lakòz plis domaj, dediktib pou siklòn ou an jeneralman pi wo pase dediktib pou tout lòt danje. Li baze sou yon pousantaj nan Kouvèti A oswa a, ki kouvri estrikti pwopriyete w la epi ki reflete kantite lajan li koute pou rekonstwi pwopriyete w la selon pri konstriksyon aktyèl yo. Kay ki gen limit Kouvèti A ki mwens pase $100,000 ka gen yon dediktib pou siklòn ki fiks. Sinon, dediktib pou siklòn yo jeneralman se 2%, 5%, oswa 10% nan valè Kouvèti A.

Pa egzanp, si ou chwazi yon dediktib 2% sou yon kay ki asire pou $300,000, ou dwe peye $6,000 pou depans sou yon reklamasyon ki kouvri anvan Citizens kòmanse peye pou domaj ki kouvri nan politik asirans ou a. Chwazi yon dediktib ki pi wo sa ka diminye prim ou an, men se sèlman ou menm ki ka deside si ekonomize lajan davans vo risk pou peye plis lajan apre yon siklòn.

2. Li Sèlman Aplike pou Domaj Siklòn yo

Menmsi li ka sanble evidan, gen kondisyon espesifik ki dwe satisfè pou yon Dediktib Siklòn kapab aplike.

Premyeman, Sant Nasyonal Siklòn (NHC) a dwe deklare sistèm tanpèt la kòm yon siklòn. Depi NHC bay yon siveyans oswa yon avètisman pou siklòn pou nenpòt pati nan Florid, Dediktib Siklòn lan ap aplike pou domaj van asirans lan kouvri yo. Dediktib sa a rete anvigè pandan tout tan kondisyon siklòn yo egziste nenpòt kote nan Eta Florid. Li fini 72 èdtan apre dènye siveyans oswa dènye avètisman pou siklòn NHC te bay pou nenpòt pati nan Florid la ekspire. Okenn lòt politik dediktib pa ka aplike. Limit yo kapab aplike.

3. Yon Konpozan Inik pou Ane Kalandriye a

Mnpil moun ki gen asirans, sitou sa ki gen yon dediktib ki wo pou siklòn, souvan panse yo pa ta dwe fè yon reklamasyon si domaj tanpèt la pa twò grav, paske yo kwè depans reparasyon yo pap depase kantite dediktib la.

Menmsi sa ka laverite, li *toujou* rekòmande pou fè yon reklamasyon. Sa ki pi enpòtan an, ou ka pa konnen tout nivo domaj la oswa pri reyèl la jiskaske yon espesyalis nan ajisteman enspekte pwopriyete w la epi prepare yon estimasyon. Domaj ki sanble modere ka pafwa kache yon bagay ki pi grav. Epi pa enkyete w, lè ou fè yon reklamasyon ki pa rive nan dediktib la, sa p ap fè prim ou an ogmante.

Yon lòt rezon enpòtan pou fè reklamasyon w lan se paske dediktib ou an pou siklòn nan aplike pou tout reklamasyon pou siklòn ki rive nan yon sèl ane kalandriye (Janvye–Desanm), olye pou ou oblije peye li pou chak reklamasyon separe. Nan lòt mo, nenpòt depans ki peye pou yon reklamasyon ap ede satisfè dediktib la pou lòt reklamasyon pou siklòn ki rive pandan menm ane kalandriye a.

Malgre nou espere pèsonn pa oblije fè fas ak plizyè reklamasyon akòz siklòn nan menm ane a, sa rive. Li rekòmande pou fè yon reklamasyon apre chak tanpèt, dokimante domaj ak reparasyon yo, epi konsève resi ak fakti yo.

Nan sezon tanpèt sa a, prepare lakay ou ak fanmi w pou ou ka fè fas ak nenpòt tanpèt. Si ou bezwen fè yon reklamasyon, Kontakte Citizens an Premye! Pran devan nan pwosesis rekiperasyon an lè w rete an kontak ak ajan w lan si ou bezwen fè yon reklamasyon. Sonje fè foto domaj sou pwopriyete w la epi konsève tout resi ak fakti reparasyon yo. Rete an sekirite epi prepare!

Nouvo Volontè yo Aprann nan Men Veteran pandan Egzèsis CRC a

Plizyè nouvo figi te melanje ak volontè veteran ane sa a pandan dènye egzèsis similasyon Sant Repons pou Dezas (CRC) nan Jacksonville – yon pati familye men enpòtan nan preparasyon anyèl Citizens yo pou sezon tanpèt la. Li pran yon gwoup volontè ki gen eksperyans ak nouvo moun pou ede nou pote nouvo lide epi pou asire nou gen nouvo pwosesis ak yon pèspektiv diferan.

Volontè entèvansyon pou katastwòf natirèl yo te reyini tou pre biwo Citizens lan nan Jacksonville, epi yo te byen vit divize an twa ekip, monte tant, mete chèz ak tab, epi rasanble pòs travay òdinatè yo. Patisipan yo te travay ak anpil enèji pou transfòme sit la an twa sant entèvansyon separe, konplètman fonksyonèl, epi byen òganize.

Youn nan objektif egzèsis ane sa a se te montre anpil nouvo volontè yo kisa pou yo atann lè y ap mete Sant Reklamasyon Katastwòf yo (CRCs) sou pye, ansanm ak eksperyans moun ki gen asirans lan ap viv la — depi lè li rankontre ajan ak moun k ap akeyi kliyan Citizens yo nan antre a, rive lè yo remèt li, si sa aplikab, yon chèk pou Depans Adisyonèl pou Lojman (ALE) sou plas pou ede li kòmanse pwosesis rekiperasyon li. Yo te fè fòmasyon an vin pi pratik lè yo te diskite sou senaryo lavi reyèl yo ak sou fason pou chwazi pi bon apwòch pou chak sitiyasyon.

Anplwaye yo te byen resevwa apwòch pratik la paske yo te kapab itilize egzanp anviwònman an pou abòde enkyetid yo an tan reyèl epi obsève fason etap rezolisyon yo te mache avèk siksè nan chak etap pwosesis la.

Pami nouvo bagay yo ajoute pou CRC yo ane sa a genyen yon kamyonèt vèsatil ki ajoute nan flòt la, ki pral pèmèt ekip nou yo fè enspeksyon nan zòn ki afekte yo anvan deplwaman yo. Citizens kapab mete an plas touswit yon ti operasyon pou ede moun ki gen asirans yo pandan y ap tann gwo machin sèvis teren yo rive sou sit la.

Citizens Pare

Menm si Citizens pa te bezwen deplwaye okenn CRC an 2025, operasyon entèvansyon pou katastwòf yo vin pi efikas gras ak repetisyon ak eksperyans nan dènye ane yo. Anplis egzèsis anyèl sa a, Citizens te fè tou eksperyans enpòtan sou teren an 2024, ak plizyè deplwaman CRC ki te nesesè apre aktivite tanpèt la.

An 2024, Citizens te mete an plas CRC yo pou yon evènman ki ra, Tanpèt Ivè Finn, ansanm ak twa siklòn ki te frape Florid: Debby, Helene, ak Milton. Ansanm, CRC yo te sèvi 3,546 kliyan.

Sezon tanpèt sa a te kontinye yon tandans ki dire dis ane avèk yon aktivite metewolojik twopikal enpòtan, sa ki te deklanche repons a plizyè dezas akòz tanpèt, sitou siklòn Irma an 2017 ak Ian an 2022.

Metewològ yo prevwa sezon tanpèt 2026 la pral yon ti kras mwens aktif nan basen Oseyan Atlantik la, epi ant uit ak 14 tanpèt ki resevwa non. Nan kantite sa yo, yo prevwa twa a sis tanpèt ka transfòme an siklòn, epi youn a twa ladan yo ka vin gwo siklòn. Dapre NOAA (Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik), yon sezon mwayèn gen 14 tanpèt yo bay non, sèt ki vin siklòn, epi twa ki vin gwo siklòn.

Citizens prepare pandan tout ane a pou asire yo ka reponn byen vit lè moun ki gen asirans yo bezwen yo plis. Pou ede moun ki gen asirans yo rete enfòme, sitwèb Citizens la gen yon fil Swivi Tanpèt ki bay mizajou an tan reyèl ki sòti nan Sant Nasyonal Siklòn dirèkteman sou òdinatè ak aparèy mobil ou. Citizens ofri tou preparasyon pou tanpèt ak enfòmasyon sou entèvansyon atravè Facebook ak X (ki te rele anvan sa Twitter) nan @citizens_fla.

Konsèy Sekirite pou Kay ann Ete



Kontwòl Ensèk Nwizib: Trete kay ou ak lakou ou avèk pestisid epi sèvi ak pwodui pou repouse ensèk nuizib lè sa nesesè. Asire fatra ak manje yo byen kouvri oswa sele.

Tan: Enspekte goutyè ak do kay ou yo pou wè si gen domaj oswa flit epi byen mare mèb deyò ak lòt bagay si gen gwo van.

Fedatifis: Kite fedatifis yo nan espas ouvè epi lwen moun. Kite dlo oswa ekstenktè dife yo tou pre. Pa janm eseye relimen yon "fedatifis" ki pa pete, epi pa ranmase li jiskaske plizyè minit fin pase.

Rete Idrate: Kite dlo disponib tou pre lakay ou epi panse itilize tant oswa parasòl pou pwoteksyon kont solèy la.

Griy: Kite griy yo omwen 10 pye lwen kay ou, epi evite branch pyebwa ki pandye oswa nenpòt kouvèti anlè.

Lè w ap Vwayaje: Enstale yon alam sekirite oswa asire w yon alam ki deja egziste gen pil nèf.

Pisin: Asire genyen yon baraj ki an plas epi pòtal la ka fèmen poukont li. Siveye timoun yo epi asire sila yo ki pa ka naje yo genyen yon flotè oswa yon jile sovtaj.

myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

Dezabòne